# EXERCISES

## EXERCISE 1: Identifying the Characters

1. Lan la Mareem sol?
2. Lan la Tagati sol?
3. Nan la Mareem mel?
4. Fan la xale yu jigéén yi nekk?
5. Fan la xale yu jigéén yi jëm?
6. Lan la Aysatu sol?
7. Fan la Aysatu toog?
8. Lan la Aysatu yor?
9. Lan la Aysatu def bu Mareem ñówee ci ker gi?
10. Ñaata nit ñoo nekk ci waxtaan wi?

## EXERCISE 2: Reading Comprehension: Choose the right answer between A, B and C

1. **Lan la Tagati wax Mareem?**

    **A:** Démb

    **B:** Sama aniwerseer démb la woon

    **C:** Lu xew?

2. **Lan la ko yaayam wax bu aniwerseer Mareem ñowee?**

    **A:** Jàngal

    **B:** Fekkeel déwén

    **C:** Doo dellu ginnaaw

3. **Lan la Aysatu wax ci Tagati?**

    **A:** Yaayam dafa ko yar ci sagoom

    **B:** Mënoon na bàyyi Mareem mu mel ne Tagati

    **C:** Bés bi rek laa la bëggaloon

4. **Lan la Aysatu wax Mareem?**

© Boston University

**A:** Ci kanam rek nga jëm

**B:** Ci ginnaaw rek nga jëm

**C:** Sa ndam la

5. **Lan la Mareem wax yaayam?**

   **A:** Yaay kontaan naa de!

   **B:** Sama ndam la

   **C:** Doomi diw lañuy wax

**EXERCISE 3: Ask questions to these answers**

1) Waaw, aniwerseeru Tagati démb la woon.
2) Déédéét, yaayu Mareem du ko defaral aniwerseer.
3) Waaw, dafa mel ne Tagati dafay ñaawal Mareem.
4) Déédéét, yaayu Mareem bañul Mareem.
5) Waaw, yaayu Tagati dafa ko yar ak sagoom.
6) Déédéét, Tagati du jàngi léég-léég.
7) Waaw, Mareem dafay bale, jàng ay lesoŋ sog a tëdd.
8) Déédéét, Tagati du bale seen kër.
9) Waaw, yaayu Tagati dafa koy jox lu mu bëgg mu lekk ba suur.
10) Déédéét, Tagati amul.

**EXERCISE 4: Fill in the blank by using words from the glossary, or your own words.**

1. Usumaan dafa _______________ yégal ne dafay_______________ Cees démb.
2. Faatu dafa set, bés bu nekk balaa muy _______________ dafay_______________ ba pare_______________ ay ndab sog a liggééyi.
3. Yaayu Sooda _______________ la waaye dafa _______________ doomam, loolu moo tax mu koy _______________ naan ko mu _______________ ndax mu am _______________.

4. Waaye yaayu Soxna, moom, dafa ko _______________ di ko _______________ lu mu bëgg. Soxna du bale te du _______________. Léég-léég yaayam ne ko mu _______________ ndax dafa sonn.

**EXERCISE 5: Listening comprehension.** Listen to the conversation and answer these questions.

1. Lan la waxtaan wi tënk?
2. Lan la  yaayu Tagati defaral Tagati?
3. Lu tax Mareem ne "Tagati dafa mel ne danga may ñaawal"?
4. Lu tax yaayu Mareem di sonnal Mareem?
5. Lan la Tagati di def guddi balaa muy tëdd?
6. Nan la yaayu Tagati yare Tagati?
7. Lan la Mareem am?
8. Lan la Aysatu bëgg xamal Mareem bu mu ko waxee : "njuuma wéq na doomam waaye bañu ko"?
9. Lu tax Aysatu ne yaayu Tagati am na ci *part de responsabilité* ?
10. Fan la Mareem ak Tagati demoon?

**EXERCISE 6: Match these words with their antonyms from the text.**

| | |
|---|---|
| 1) Ren | (bañ) |
| 2) Xale | (yee) |
| 3) Gàcce | (ginnaaw) |
| 4) Sonn | (mag) |
| 5) Bëgg | (dellu) |
| 6) Jóg | (déwén) |
| 7) Nelaw | (mer) |
| 8) Kontaan | (ndam) |
| 9) Kanam | (noppaliku) |
| 10) Dem | (tëdd) |

**EXERCISE 7: Answer with yes or no, followed by a full sentence.**

1. Ndax Aysatu dafa ñuul?
2. Ndax Tagati dafa njool?
3. Ndax Mareem dafa xees?
4. Ndax pàppa Mareem dafa bokk ci waxtaan wi?
5. Ndax *résultats* yi génn nañu?
6. Ndax Mareem am na *ordinateur* fowukaayu kër?
7. Ndax yaayu Mareem dafa toogoon di xaar doomam?
8. Ndax Tagati gise na ak yaayu Mareem ?
9. Ndax yaayu Tagati feeñ na ci waxtaan wi?
10. Ndax yaayu Tagati am na ndam?

**EXERCISE 8: Replace these Urban Wolof phrases with their standard Wolof counterparts.**

1. Garaawul. ________________________________________________

2. Sama aniwerseer. ________________________________________________

3. Du afeeru mag. ________________________________________________

4. Ban *heure* lañuy may yee? ________________________________________

5. Ban *heure*? ________________________________________________

6. *Cinq heures du matin*. ____________________________________________

7. Àppare dinaa wax sama yaay mu may ma la.

________________________________________________________________

8. Ñu dem xooli *résultats* yi. ________________________________________

9. Yaayam am na ci *part de responsabilité*.

________________________________________________________________

Say *résultats* yu njëkk yi baaxul woon.

10. Danu ko yar ak sagoom kom Tagati.

11. Yaay, kontaan naa de!

**EXERCISE 9: Summarize the dialogue in your own words.**

**EXERCISE 10: Role play:** Rehearse and perform the skit using Urban Wolof, Lebu Wolof or Wolof bu Xóót. Be mindful to reflect the local culture, gestures and other kinesic aspects of language.